

Chè Kominote Lekòl Piblik Everett,

Jan ou te tandè, Massachusetts ap fèmen anpil biznis ak sèvis demen a midi. Sepandan, Lekòl Piblik Everett ap kontinye bay manje ak pakè pou tout timoun nan Vil Everett la nan 11:00 a.m. - 1:00 p.m. Lendi jiska Vandredi nan Lekòl Whittier a ak Everett High School. Pakè yo se pou elèv ki nan klas Kindergarten jiska 8 epi ou ka jwenn pakè yo nan sit EPS la pou elèv ak fanmi ki vle enfòmasyon yo elektwonikman.

Nou pral kontinye bay enfòmasyon epi kite ou enfòm sou opòtinite anrichisman ak aksè nan manje. Nou espere ke ou menm ak fanmi ou rete san danje epi an sante.